

**Founisè Swen Sante:** Konseye pasyan an sou risk mifepristone yo. Ni ou menm ni pasyan an dwe siyen fòmilè sa a alekri oswa elektwonikman.

**Konsantman Pasyan:**

1. Mwen deside pou m pran mifepristone ak misoprostol pou m mete fen a gwo sès mwen an epi m ap suiv konsèy founisè swen sante m nan sou kilè pou m pran chak medikaman ak kisa pou m fè si gen yon ijans.
2. M konprann:
  - a. M ap pran mifepristone jou 1.
  - b. M ap pran konprime misoprostol la 24 a 48 è apre m fin pran mifepristone nan.
3. Founisè swen sante m nan te pale m de risk yo, tankou:
  - senyen anpil
  - enfeksyon
4. M ap kontakte klinik la/kabinè a/founisè a byen rapid si jou ki vin apre tretman mwen genyen:
  - yon fyèv 100.4°F oswa pi wo ki dire plis pase kat èdtan
  - senyen anpil (mouye de sèvyèt ijyenik byen epè ki gen yon tay nòmal tramp chak inèdtan pandan de zè san kanpe)
  - doulè oswa gwo enkonfò nan lestimak (abdominal), oswa "mwen santi m malad", ansanm ak feblès, anvi vomi, vomisman oswa dyare, plis pase 24 è apre w te fin pran misoprostol la — sentom sa yo ka siy yon enfeksyon grav oswa yon lòt pwoblèm (tankou yon gwo sès ektopik, yon gwo sès pa deyò matris).

Founisè swen sante m nan di m sentom sa yo ka nesesite yon swen an ijans. Si m pa ka al nan klinik oswa nan kabinè I lan, founisè swen sante m nan te di m kiyès pou m rele ak kisa pou m fè.

5. Mwen dwe al konsilte nan men founisè swen sante mwen an anviwon 7 a 14 jou apre m fin pran mifepristone nan pou m asire m ke m pa ansent ankò epi mwen byen.
6. Mwen konnen nan kèk ka tretman an p ap mache. Sa rive anviwon 2 a 7 famm sou 100 famm ki itilize tretman sa. Si m toujou ansent apre tretman ak mifepristone epi misoprostol la, m ap pale a founisè swen sante m nan sou yon operasyon pou m mete fen a gwo sès mwen an.
7. Si m dwe sibi yon operasyon paske medikaman yo pa t mete fen a gwo sès mwen an oswa pou fè m sispann senyen anpil, founisè swen sante m nan ap di m si l ap fè operasyon an oswa si l ap refere m bay yon founisè swen sante k ap fè l.
8. Mwen gen GID MEDIKAMAN mifepristone nan.
9. Founisè swen sante m nan te reponn tout kesyon m yo.

**Siyati Pasyan:** \_\_\_\_\_ **Non Pasyan (majiskil):** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Siyati Founisè:** \_\_\_\_\_ **Non founisè (majiskil):** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Yo ka bay Fòmilè Konsantman Pasyan an pou ranpli,  
siyen epi transmèt en papye oswa elektwonikman.

1/2023